



Pou Piblikasyon Imedya: 1/12/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE GRAN OUVÈTI NEXUS CENTER KI EVALYE A 64 MILYON DOLA NAN ANBA LAVIL UTICA A**

*Yon konplèks rekreyatif ak spòtif ke Eta sipòte pral sèvi kòm yon etablisman premye klas pou aktivite ki baze sou tounwa pou oki sou glas, lakròs an anklo, foutbòl ak lòt spò sou tèren yo*

*Pwal òganize gwo tounwa, Desine ekip espòtif ki soti nan Northeast ak Kanada rive nan rejyon Mohawk Valley*

*Pwojte pou atire plis pase 320,000 vizitè chak ane ki pral ajoute plis pase 26 milyon dola nan ekonomi rejyonal la, ranfòse vizyon ekonomik Eta a pou Mohawk Valley*

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse gran ouvèti Nexus Center ki evalye a 64 milyon dola nan anba lavil Utica a. Anons la vini anvan yon seremoni "lansmwa disk" ki pral fèt pita aswè a pa ofisyèl lokal yo. Gras ak sipò eta a, ki gen ladann 22 milyon dola atravè Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò (Upstate Revitalization Initiative, URI) a, Konplèks rekreyatif ak spòtif ki baze sou tounwa ki gen 170,000 pye kare a pral itilize pou oki sou glas, lakròs an anklo, foutbòl ak lòt spò sou tèren yo, epi li pral atire ekip jèn konpetitif atravè Etazini ak Kanada a. Yo prevwa Nexus Center ta dwe resevwa 24 tounwa oki ak 24 tounwa lakròs chak ane, sa k ap akeyi plis pase 320,000 vizitè anyèl epi genere plis pase 26 milyon dola chak ane nan depans vizitè dirèk.

"Finisman Nexus Center klas mondyal la solidifye vizyon kontinyèl Eta a pou yon Utica re-imagine kòm yon destinasyon pou fanatik espò yo ak fanmi yo tou", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Gras a yon èd New York, etablisman sa a pral asireman mete ekonomi Mohawk Valley a sou yon seri viktwa pou ane k ap vini yo."

Nexus Center a gen twa plak glas ki adjasan a Adirondack Bank Center a, ki se lakay Utica Comets Lig Oki Ameriken an, Pwogram Oki maskilen ak feminen Utica University a ak Utica Comets Jinyò òganizasyon oki pou jenès la. Glas la ka fasilman transfòme an sifas ki baze sou tèren pou sipòte espò sou gazon yo. Anplis de sa, Nexus Center ofri plis pase 25 vestyè, espas biwo komèsyal, espas pou sal klas inivèsite, espas detayan, sèvis manje ak bwason ak lòt espas fòmasyon polivalan.

Nexus Center a pral konsantre sou patisipan tounwa ki soti lòt kote pandan tout ane a, pandan l'ap sèvi atlèt lokal yo pandan semèn lan pou pratik ak antrènman. Lè yo p'ap aktivman itilize sant lan pou yon tounwa oubyen yon lòt evènman, li pral fonksyone kòm yon sant kominote pou spò ak divètisman pou òganizasyon spò rejyonal, lekòl segondè ak inivèsite yo. Konektivite Nexus Center ak Adirondack Bank Center ak Oditoryòm Memoryal Utica (Utica Memorial Auditorium) ap tou amelyore enpak ak pòte jeneral li onivo rejyon an. Plan fiti pou Nexus Center yo enkli agrandi l pou sant spòtif kat sezon, ak potansyèl pou ajoute teren spò a plizyè itilizasyon deyò nan nò ak nan zòn Harbor Point - yon vizyon ki konsistan ak Plan Jeneral Utica Harbor a.

Utica University te fèk [anonse](#) patenarya li ak Nexus Center pou amelyore pwogram Jesyon Espò li a, ki bay yon opòtinite inik ki trè inovan pou elèv ki nan pwogram jesyon espò yo jwenn eksperyans reyèl, pwofesyonèl. Sant Nexus a pral pèmèt elèv yo gen yon eksperyans aprantisaj pratik, entè-aktif pou ede yo fè premye pa lè y ap chèche travay lè yo gradye. Nan dènye deseni an, endistri espò a te monte soti 23èm pou rive nan sizyèm pi gwo endistri atravè peyi a. Inivèsite Utica gen apeprè 40 etidyan kounye a nan pwogram jesyon espò a.

Prim URI a, ansanm ak anpil lòt investisman anplis Eta yo ede transfòme anba lavil Utica a kòm yon nouvo epi eksitan sant iben. Avèk opinyon Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Mohawk Valley (Mohawk Valley Regional Economic Development Council, MVREDC) Mohawk Valley a ak lòt moun ki gen enterè yo, katye anba lavil yo te re-imaginer kòm destinasyon pou amizman iben, rekreyasyon, espò, ak antreprenarya.

Investisman kle yo enkli nouvo Oditoryòm Memoryal Utica ki fèk renove a ki se lakay ekip oki Utica Comets la ak Utica City Football Club la nan Prensipal Lig Foutbòl nan Stad la; apatman lojman yo nan Genesee Street ak State Street ak nan katye Square Bagg la; yon investisman Eta ki evalue a 300 milyon dola pou ede yon nouvo lopital pou bay anba lavil la yon lòt fòm; 6 milyon nan finansman URI pou Pwojè Klwazyon Harbour Point Utica a, dènye amelyorasyon enfrastrukt ki rete ki nesès pou ankouraje devlopman sektè prive a; ak yon patenarya piblik-prive ki evalue a 1 milya dola avèk Wolfspeed, ki deja kreye dè santèn anplwa nan Marcy Nanocenter a.

**Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare,** "Pou parafraze yon lòt jwè sipèsta, gwo jwè oki Wayne Gretzky, nan kad lidèchip Gouvènè Hochul, Eta New York ap vrèman patine nan direksyon kote disk la prale, pa kote li te ye a. Etablisman enteresan sa a pral yon motè ekonomik pou Utica, ki pral atire rezidan yo nan anba lavil la epi ki pral mennen plizyè milye vizitè chak ane nan rejyon an."

**Senatè Eta a Joseph Griffo te deklare,** "Mwen kontan dèske Sant Nexus nan anba lavil Utica ouvri, e mwen apresye efò tout moun ki te travay ansanm pou fè pwojè enpòtan sa a vin yon reyalite. Nouvo konplèks lwazi ak espòtif sa a pral atire vizitè ak fanmi yo nan zòn nan epi sipòte epi devlope ekonomi lokal ak rejyonal yo. Sant Nexus a, ansanm ak Adirondack Bank Center amelyore a nan Oditoryòm Memoryal Utica a,

pral sèvi kòm yon katalizè pou kwasans ak devlopman fiti nan rejyon an epi konplete sa ki deja fèt nan Utica ak nan Mohawk Valley."

**Manm Asanble, Marianne Buttenschon te deklare,** "Tout Kominote Santral New York la pral benefisye tout sa Nexus Center a gen pou l ofri. Ogmantasyon sa a pote yon varyete opòtinite lokal soti nan espò nan kominote a ak evènman espesyal ak sa a, yon fowl vizitè ak avantaj ekonomik. Mwen te kapab jwenn tou 600,000 dola pou pwogram edikasyon modèn Utica University pral bay nan yon patenarya nan Nexus Center a. Sant Nexus a se deja yon lòt jwayo pou ajoute nan kwasans Vil Utica, Konte Oneida ak tout rejyon nou an."

**Ko-prezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Mohawk Valley a, Lawrence T. Gilroy III, Prezidan Gilroy, Kernan & Gilroy, Inc. ak Doktè Marion Terenzio, Prezidan SUNY Cobleskill, te delare,** " Nexus Center a se yon pati esansyèl nan vizyon estratejik pou transfòmasyon Anba Lavi Utica a, ki deja sou wout li pou l vin tounen yon destinasyon klas mondyal ki pral ankouraje kwasans ekonomik nan Utica ak nan Rejyon an. Non sèlman Nexus Center a pral kondwi touris, li kreye yon sant anba lavi amizman ki atiran ak dinamik pou rezidan yo ak rezidan fiti yo k ap rele Mohawk Valley lakay yo."

**Prezidan Otorite Oditoryòm Memoryal Zòn Nò Rejyon Mohawk Valley a, Carl Annese te deklare,** "Etablisman klas mondyal sa a se yon faktè ki chanje jwèt la pou Rejyon Mohawk Valley a epi li pral yon katalizè kle pou kwasans ekonomik pou ekonomi lokal la. Mwen ta renmen remèsye Gouvènè Hochul, Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Mohawk Valley a, Empire State Development ak Konte Oneida pou sipò kontinyèl ki te ede fè pwojè sa a vin yon reyalite."

###

Lèt nouvell disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418